

Lwa sou Ajans Travay New York

W ap chache èd bò kote yon biwo travay pou w jwenn travay?

Ajans travay NYC dwe gen yon lisans Depatman Afè Konsomatè (Department of Consumer Affairs, DCA) epi yo dwe respekte lalwa. Gade lisans ajans DCA a.

Lwa sou Ajans Travay

Ekstrè Atik 11 Lwa Komèsyal Jeneral

§ 178. Kosyònman

Yo gen dwa prezante devan yon tribinal nenpòt reklamasyon oswa pouswit kont yon moun ki akredite yo prezante anfavè moun ki sibi domaj la aprè kosyon moun ki akredite an fin depoze an, jan sa dekri nan seksyon san swasant-dis-sèt (177) la epi kosyon an gendwa transfere ak lwe menm jan ak lòt reklamasyon pou domaj nan pouswit dwa sivil yo. Se montan domaj pleyan an mande, se pa penalite ki nonmen nan kosyon an, ki pral detèmine konpetans tribinal la kote yo prezante pouswit yo. Komisyonè a gen dwa prezante yon pouswit kont kosyon an pou kont nenpòt moun ki sibi domaj. Si moun ki akredite sa a te kite Eta a nan lentansyon pou li fè eskwokri kont kredite li yo oubyen pou evite yo remèt li ofisyèlman yon konvokasyon pou pouswit y ap fè ki baze sou seksyon sa a, livrezon ofisyèl la realyaze nan sa ki gen pou wè ak kosyon an selon fason ki etabli pou delivre konvokasyon yo. Yo pral voye yon kopi konvokasyon sa a nan dènye adrès lapòs yo ka identifiye pou rezidans moun ki akredite a ak nan kote li t ap jere ajans anplwa sa a, dapre enfòmasyon ki endike nan dosye komisyonè a.

§ 181. Kontra, deklarasyon kondisyon yo ak resi yo

Se dewwa tout ajans anplwa pou yo bay chak kandida pou anplwa:

1. Yon vrè kopi tout kontra ajans lan ak kandida a siyen ant yo, epi kopi a ap gen yon deklarasyon ki prezante dispozisyon atik san katre-ven senk san katre-ven sis ekri klè e presi sou li oswa atache avè l.

2. Pou anplwa teyatral klas “C”:

(a) Komisè a dwe apwouve kontra an blan sa a dabò oswa certiorari dwe kapab re egzamine desizyon l. Chak kontra ap gen komisyon brit oswa frè pou atis la peye ajans teyatral la dapre seksyon sankatreven senk atik ki atache ak dokiman sa a. Chak kontra kon sa ap gen non, adrès, nimewo telefòn ak nimewo lisans ajans anplwa teyatral la an plis non atis la, kalite sèvis kontra a prevwa, ak tout tèm ak kondisyon ki lye ak peyman komisyon an oswa frè yo. Ajans anplwa teyatral la ap kenbe yon kopi chak kontra li pase ak yon atis nan yon dosye epi bay atis la yon chak kontra. **(b)** Separeman ak kontra a, ajans lan ap bay atis la, pandan chak odisyon oswa entèvyou pou anplwa espesyal, enfòmasyon tankou non ak adrès moun atis la dwe kontakte pou aplike pou anplwa sa a, sèvis li dwe bay la, konpansasyon ki prevwa pou sèvis la, lè yo konnen konpansasyon an avan odisyon an oswa entèvyou, ak tout lòt materyèl tèm ak kondisyon anplwa a ajans lan konnen avan odisyon an oswa entèvyou a. Yo kapab bay enfòmasyon sa yo pa mwayer kominikasyon elektwonik.

3. Pou tout lòt anplwa, tankou anplwa klas “A” ak “A-1”, chak kontra ap gen, men pa sa sèlman: enfòmasyon tankou tou non ak adrès moun kandida a dwe kontakte pou aplike pou travay non, adrès, adrès postal, ak nimewo telefòn patwon an; adrès oswa anplwa a, kalite sèvis li dwe fè a; salè oswa konpansasyon ki prevwa pou sèvis la; kantite lè ki prevwa pou l travay pa jou ak kantite jou pou l travay pa semèn ; frè kandida ap peye ajans lan baze sou previzyon salè oswa konpansasyon sa a; tout pwovizyon pou anplwaye a, ak depans ki lye ak pwovizyon sa a tankou kay, asirans sante, swen sante, konje maladi, jou ferye ak avantaj retrèt; si anplwa a pèmanan oswa tanporè, kantite tan anplwa a prevwa dire, non ak adrès moun ki otorize anplwaye kandida a; ak depans pou transpò si se pa nan vil oswa minisipalite kote ajans lan ye a l ap bay sèvis la. Si travay la se yon travay ki pa peye kondisyonèlman, kondisyon pou kandida a peye frè a ap ekspriime klèman nan yon akò separe ki tape ak karakte ki dis (10) epi kandida a siyen.

4. (a) Paragraf sa a ap aplike pou tout klas anplwa sof pou travay teyatral klas “C”. Ajans travay la ap bay chak kandida yon dokiman apa ki akonpanye chak kontra epi ki rezime tèm ak kondisyon kontra a. Dokiman sa a ap titre “tèm ak kondisyon” epi l ap di dokiman an pa yon kontra epi dokiman an pa enpozab legalman. Tèm ak kondisyon yo ap ekri ak mo ki senp epi nan yon langaj ki fasil pou konprann pou ede kandida a konprann tranzaksyon an epi dokiman an ap limite itilizasyon tèm teknik tank sa posib. **(b)** Tèm ak kondisyon yo ap konfòm ak modèl komisè a etabli epi y ap mete yo disponib pou ajans anplwa selon jan komisè a deside l. Lè komisè a ap devlope modèl sa yo, l ap bay piblik la opòinite pou li fè kòmantè sou modèl yo. **(c)** Komisè a kapab dekrete règ ak reglemantasyon ki nesese pou aplike dispozisyon atik sa a. **(d)** Yo p ap penalize yon ajans anplwa pou erè oswa omisyon nan pati ki pa ekri ann anglè nan modèl komisè a devlope.

5. Yon resi pou tout frè, depo, konsiderasyon oswa vèsman ajans lan resevwa nan men kandida a, k ap genyen non kandida a enprime oswa ekri sou li, non ak adrès ajans anplwa a, dat ak montan frè, depo, konsiderasyon oswa vèsman oswa pòsyon nan bagay sa yo kandida a resevwa resi pou li a, rezon vèsman an, ansanm ak siyati moun ki resevwa vèsman an. Si kandida yo rekrute pou anplwa domestik oswa pou travay nan kay la pa soti nan Eta a, y ap enprime oswa atache yon kopi seksyon sankatreven kat (184) atik sa a sou resi a. Sof nan ka dispozisyon pou anplwa teyatral klas “C” pi ba a, resi a ap gen deklarasyon sa a ekri an gra ak lèt majiskil sou li nan yon kare egzakteman anlè kote moun ki resevwa vèsman an siyen an: “Yon ajans anplwa pa ka mande ou menm, kandida pou travay la, peye yon frè avan li refere w nan yon travay ou aksepte. Si ou peye yon frè avan ou aksepte yon travay oswa ou peye frè ki vyole lalwa nan yon lòt sans, ou kapab mande yon ranbousman y ap peye w nan yon delè sèt (7)

jou”. Pou anplwa klas “C” resi a ap ekri: “Yon ajans anplwa teyatral pa ka chaje ou menm, atis la, yon frè avan li refere w nan yon travay ou aksepte. Yon ajans anplwa teyatral kapab chaje ou menm, atis la, yon frè aprè yon ajans reprezante w nan negosyasyon oswa renegosyasyon yon kontra anplwa ki te fèt deja oswa ki te egziste alavans. Si ou peye yon frè avan ou aksepte yon travay oswa ou peye frè ki vyole lalwa nan yon lòt sans, ou kapab mande yon ranbousman y ap peye w nan yon delè sèt (7) jou”.

6. Tout ajans anplwa ap kenbe orijinal ki ranpli a oswa kopi doub orijinal chak kontra, deklarasyon tèm ak kondisyon, resi, ak tout lòt dokiman li bay kandida a pandan twa (3) lane aprè dat yo siyen kontra a oswa dat peyman an fèt la, epi l ap mete l adispozisyon pou enspeksyon komisè a oswa ajan oswa enspektè k ap ranplase li ofisyèlman, lè li mande sa. Malgre lòt pwovizyon kontra sa yo, konsiderasyon monetè kandida a ap gen pou l peye p ap depase frè maksimòm sibdivizyon uit (8) seksyon sankatreven senk atik sa a.

§ 185. Frè

1. Sikonstans ki pèmèt frè. Yon ajans anplwa p ap chaje oswa aksepte yon frè oswa lòt konsiderasyon, eksepte konfòmeman ak kondisyon yon kontra ekri li siyen ak yon kandida pou travay aprè se ajans lan ki te refere yon patwon kandida a oswa refere patwon an yon kandida pou travay epi patwon an te anplwaye kandida, sof pou anplwa klas “C”; **(a)** aprè se yon ajans ki te refere yon patwon yon atis oswa refere patwon an atis la epi patwon an anplwaye atis la; oswa **(b)** aprè yon ajans reprezante yon atis nan negosyasyon oswa renegosyasyon yon kontra anplwa ki te fèt deja oswa ki te egziste alavans epi atis la siyen yon kontra anplwa negosye oswa renegosye. Pou anplwa klas “C” daprè paragraf sa a, yon ajans anplwa ap bay yon atis yon deklarasyon ki prezante dispozisyon seksyon sa a ak seksyon sankatreven sis atik sa a nan yon fason ki klè e presi.

Yo kapab mande kandida peye pou travay la frè maksimòm dokiman sa a prevwa pou tout kalite plasman oswa travay depi pou plasman nan travay klas “B” a, yo kapab mande patwon an peye yon frè ki rive jiska yon fwa edmi frè yo mande kandida peye pou travay la. Apre li pase yon akò ak yon ajans travay, yon patwon kapab pran frè peyman frè kandida a pou travay la sou kont li volontèman. Se yon akò ant patwon an ak ajans travay k ap detèmine frè yon moun ki gen otorizasyon pou dirije yon ajans travay ap mande yon patwon peye pou sèvis ajans lan bay an rapò ak yon travay klas “A”, “A-1” ak “B”, jan sa defini nan sibdivizyon kat (4) pi ba a nan seksyon sa a, lè yo pa mande kandida a peye frè. Yo p ap mande peye oswa aksepte okenn frè enskripsyon pou anplwaye oswa pou travay.

2. Montan frè; tarif peyman. Frè nèt yo mande kandida pou travay la peye ak frè nèt yo mande patwon an peye, yo chak p ap depase montan ki nan lis seksyon sa a prezante yo, pou tout travay oswa kontra, sof nan ka ki site pi wo a; epi frè sa yo ap peye dapre dispozisyon seksyon san katre-ven sis (186) atik sa a. Sof kote dokiman sa a di yon lòt bagay, epi sof pou travay klas “C”, yon ajans travay p ap oblije pou yon kandida, pandan l ap travay sou teritwa kontinantal Etazini, epi k ap touche pa semèn, pou li peye nenpòt frè dapre yon tarif ki piplis pase an dis (10) tranch menm montan pa semèn chak ap peyab nan fen chak premye dis (10) semèn l ap travay yo, oubyen si li peye yo mwens souvan, an senk (5) tranch menm montan, chak tranch dwe peye nan fen premye senk (5) peryòd li touche salè ki vini apre dat li kòmanse travay la, oubyen nan yon peryòd dis (10) semèn, sa ki pi long la ant 2 peryòd sa yo. Yon patwon ap peye frè li lè kandida a kòmanse travay, sof si gen yon akò ant patwon an ak ajans lan ki deside yon lòt bagay.

3. Depo, oswa avalwa. Yon ajans travay p ap mande oswa aksepte depo frè oswa akont nan men okenn kandida.

4. Tip travay. Nan objektif pou fikse yon limit maksimòm pou frè moun k ap dirije ajans travay ap mande, tip travay yo ap klase kon sa:

- Klas “A”** – anplwaye domestik, anplwaye nan kay, travayè manyèl ak ouvriye ki pa kalifye oswa ki pa fòme, travayè agrikòl;
- Klas “A1”** – travayè endistriyèl ki pa resevwa fòmasyon pwofesyonèl oswa ki pa kalifye oswa mekanisyen;
- Klas “B”** – travay komèsyal, nan biwo, kad, administratif ak pwofesyonèl, tout travay ki pa sou teritwa kontinantal Etazini, ak tout lòt travay ki pa fè pati klas “A”, “A1”, “C” ak “D”;
- Klas “C”** – kontra teyatral;
- Klas “D”** – kontra swen enfimye jan sa defini nan atik santrant nèf lwa sou edikasyon an.

5. Plafon frè: Pou yon plasman nan travay klas “A” frè nèt la, ak tout depo si genyen, p ap depase premye mwa salè konplè a an pousantaj:

- Kote yo pa bay manje oswa lojman 10%
- Kote yo bay yon repa pa jou travay 12%
- Kote yo bay de (2) repa pa jou travay 14%
- Kote yo bay twa (3) repa ak lojman pa joun travay 18%

Lè tout pati ki enplike nan akò travay la konprann oswa dakò nan moman travay la kòmanse a se ap pou yon peryòd ki rive yon mwa, frè nèt la p ap depase dis pou san (10%), douz pou san (12%), katòz pou san (14%) oswa dizuit pou san (18%) salè patwon an peye reyèlman an respektivman.

6. Plafon frè: Pou yon plasman nan travay Klas “A1”, frè nèt la p ap depase salè yon semèn lè tout pati ki enplike nan akò travay la konprann oswa dakò nan moman travay la kòmanse a se ap pou yon peryòd dis (10) semèn oswa plis. Lè tout pati ki enplike nan akò travay la konprann oswa dakò nan moman travay la kòmanse a se ap pou yon peryòd ki pa rive dis (10) semèn, frè nèt la p ap depase dis pou san (10%) salè travayè a touche reyèlman.

7. Plafon frè: Pou yon plasman nan Klas “B” travay frè nèt la p ap depase, an pousantaj premye mwa salè konplè a:

- Lè premye mwa salè konplè a**
- mwens pase \$750 25%
 - omwens \$750 men mwens pase \$950 35%
 - omwens \$950 men mwens pase \$1150 40%
 - omwens \$1150 men mwens pase \$1350 45%
 - omwens \$1350 men mwens pase \$1500 50%
 - omwens \$1500 men mwens pase \$1650 55%
 - omwens \$1650 oswa plis. 60%

Depi plasman an se pou travay kote y ap peye kandida sou yon baz komisyon straight oswa sou baz yon kont tiraj plis komisyon, frè nèt la ap baze sou pousantaj ki nan tarif pi wo a ki aplike pou yon montan ki egal a en douzèm (1/12) revni premye ane a, dapre kalkil patwon an.

Lè tout pati ki enplike nan kontra travay la konprann oswa dakò nan moman travay la kòmanse a se ap pou yon peryòd ki pa rive kat (4) mwa, frè nèt la p ap depase 50% frè tarif sibdivizyon sa a bay la oswa dis (10) pou san salè travayè a touche reyèlman, kèlkswa sa ki pi ba a.

8. Plafon frè: Pou yon plasman nan travay klas “C”, pou yon kontra senp, frè nèt la p ap depase dis (10) pou san konpansasyon pou yo peye kandida a, sof pou travay oswa kontra pou òkès ak pou travay oswa kontra nan domèn opera ak konsè, frè a p ap depase 20% konpansasyon an.

9. Plafon frè: Pou yon plasman nan travay klas “D”, pou yon kontra senp, frè nèt la p ap depase:

- (1) Pou swen enfimye prive,** senk pou san (5%) salè travayè a resevwa chak semèn pandan dis (10) premye semèn kontra a sèlman, epi l ap peye frè sa a nan fen chak semèn;
- (2) Pou tout lòt swen enfimye,** montan salè premye semèn nan sof si kalkil premye ane salè pou yon omwens ane travay se de mil senk san dola oswa plis; nan ka sa a, frè nèt la p ap depase, an pousantaj salè a:

- Lè premye mwa salè konplè a**
- omwens \$2500 men mwens pase \$3000 2.5%
 - omwens \$3000 men mwens pase \$3500 3%
 - omwens \$3500 men mwens pase \$4000 3.5%
 - omwens \$4000 men mwens pase \$4500 4%
 - omwens \$4500 men mwens pase \$5000 4.5%
 - \$5000 oswa plis 5%

10. San konsidere nenpòt lòt dispozisyon ki ta kontrè ak lalwa, yon ajans travay ki pa otorize pa ka ni mande ni kolekte frè pou sèvis li bay dapre seksyon sanswasann douz atik sa a nan moman li te bay sèvis yo. Nan pwosè pou kolekte yon frè, tribinal la ap anile tout oswa nenpòt pati nan akò oswa kontra ak yon ajans travay ki pa gen yon lisans ki valab nan moman li t ap fè kontra a oswa lè li te bay sèvis yo; men, tribinal la p ap konsidere kontra nil si li jwenn ajans travay la te fè tout efò l konsève lisans li malgre erè administratif oswa reta bò kote Depatman di Travay (Department of Labor) oswa Depatman Afè Konsomatè (Department of Consumer Affairs) New York City.

§ 186. Ranbousman frè yo

1. Frè ki twòp: Nenpòt ajans travay ki kolekte, resevwa oswa kenbe yon frè oswa lòt peman ki kontrèman ak oswa ki plis pase dispozisyon yo ki nan atik la, l ap bezwen remèt frè a oswa pati an plis li te touche a nan sèt (7) jou apre li resevwa yon demand pou li.

2. Lè kandida a pa prezante: Si kandida pou yon travay aksepte travay la epi aprè sa li pa al travay, frè nèt y ap mande kandida a p ap depase vennsenk pou san frè maksimòm seksyon sankatreven senk atik sa a pèmèt la. Si kandida pou yon travay aksepte travay la epi li pa al travay, yo p ap mande patwon an peye okenn frè.

3. Rezilyasyon kontra a san se pa fot anplwaye a: Si kandida pou yon travay aksepte travay la epi l al travay, epi apre sa kontra a pran fen pou nenpòt lòt rezon, frè nèt y ap mande travayè sa a ak patwon an chak kote pa yo p ap depase senkant pou san salè travayè a touche a, epi frè sa a p ap depase frè maksimòm seksyon sankatreven senk atik sa a pèmèt nan okenn ka. Men, si anplwaye a se yon anplwaye domestik oswa yon travayèe pou kay ki soti nan yon lòt et frè patwon an p ap depase tranntwa e en tyè (1/3) pou san travayè a touche ryèlman an.

4. Rezilyasyon kontra a pou lòt rezon: Si kandida pou yon travay aksepte travay la epi l al travay, epi apre sa kontra a pran fen pou nenpòt lòt rezon, frè nèt y ap mande travayè sa a ak patwon an chak kote pa yo p ap depase senkant pou san salè travayè a touche a, epi frè sa a p ap depase frè maksimòm seksyon sankatreven senk atik sa a pèmèt nan okenn ka.

Sa ou bezwen konnen lè w ap itilize yon ajans travay

Konnen Dwa Ou!
Avan ou siyen sou liy an pwentye a, li Deklarasyon sou Dwa Moun k ap Chache Travay la (Job Hunter’s Bill of Rights) sou nyc.gov/dca epi konsilte lwa a pou jwenn enfòmasyon enpòtan.

Frè ak Ranbousman
Ajans lan pa ka mande w peye si li pa mete w nan yon travay. Si ou te peye yon frè avan ou aksepte yon travay oswa ou te peye yon montan lalwa pa otorize, ou kapab mande pou yo ranbouse w; ou dwe resevwa ranbousman sa a nan yon 7 jou.

Kontra, Deklarasyon Kondisyon ak Resi
Ou dwe resevwa yon kopi kontra ou siyen ak ajans lan, yon deklarasyon tèm ak kondisyon ki rezime kontra a, ak yon resi chak fwa ou fè yon vèsman. Konsève tout kopi yo yon kote ki sekirize.

Salè minimòm
Yo dwe refere w sèlman nan travay ki egziste kounye a epi ki disponib epi ki peye pou piti salè minimòm nan jan lwa federal Eta New York prevwa l la. Ale sou nyc.gov/dca ak labor.ny.gov.

Plent
311 ale sou nyc.gov/dca pou depoze yon plent nan DCA.